

**VIL NEW YORK (CITY OF NEW YORK) - BIWO JESYON AK BIDJÈ
(OFFICE OF MANAGEMENT AND BUDGET) (OMB)**

**PWOGAM COMMUNITY DEVELOPMENT BLOCK GRANT (CDBG) AK
COMMUNITY DEVELOPMENT BLOCK GRANT – DISASTER RECOVERY
(CDBG-DR)**

**PWOPOZISYON AMANNMAN NAN AKÒ PWOGAMATIK ISTORIK POU
AKTIVITE DEMOLISYON**

POU TOUT AJANS, KONSÈY KOMINOTÈ, GWÒP AK MOUN KI ENTERESE:

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (NYC) (HPD) itilize fon Community Development Block Grant (CDBG) ak CDBG – Disaster Recovery (CDBG-DR) (ansanm yo rele “fon CD”) pou fè aktivite demolisyon atravè tout vil la. Kèk aktivite ki anba Pwogram Demolisyon an ka konsidere kòm yon aksyon ki sijè a revizyon dapre Seksyon 106 Lwa Nasyonal sou Konsèvasyon Istorik (NHPA) ansanm ak règleman ki mete l an aplikasyon yo (36 CFR Pati 800). Biwo Jesyon ak Bidjè Vil New York (OMB), kòm Antite Responsab pou revizyon anviwònman ki fèt ak fon CD yo, ansanm ak HPD, tout lòt siyatè ak siyatè envite yo, pwopoze amande Akò Pwogramatik (PA) ki deja egziste pou aktivite demolisyon ki te siyen an 2016.

Amanman yo pwopoze pou PA a ka konsilte nan nyc.gov/assets/cdbgdr/documents/Ida_Environmental_Review/2026DemoPA_ForWebsite.docx. Ou ka jwenn yon deskripsyon aktivite Pwogram Demolisyon an nan Apendis PA a.

KOMANTÈ PIBLIK LA

Tout ajans, Konsèy Kominotè, gwoup, ak moun ki entere yo envite pou bay kòmantè sou amanman PA a. Tanpri voye kòmantè pa lapòs ameriken bay Juliet Jacobs, Inite Head - Anviwònman (CD), New York City Biwo nan Jesyon ak Bidjè, nan 255 Greenwich Street, 8th Floor, New York, NY 10007, oswa pa imèl nan CDBGComments@omb.nyc.gov. Tout kòmantè nou resevwa anvan 18 me 2026 ap konsidere anvan egzekisyon amanman PA a.

Vil Nouyòk (CITY OF NEW YORK) Zohran Mamdani, Mè
Sherif Soliman, Direktè Jesyon ak Bidjè

Dat: 17 Avril 2026